

Enfòmasyon enpotan sou Pwogram VIH/SIDA Pasyan yo

Sa ki annapre yo se enfòmasyon ki enpòtan.

Ou bezwen pou konnen dwa w ak responsablite w si ou aplike epi yo detèminen ou elijib pou sèvis Depatman Lasante, VIH/SIDA ak Pwogram Heaptitis

Enfòmasyon ou mete sou aplikasyon an dwe tout laverite epi kòrèk le plis ou kapab sonje. Si ou bay enfòmasyon ki fò oswa ou pa mete tout enfòmasyon yo epi ou resevwa sèvis ke ou pa elijib pou resevwa, ou ka jwenn pinisyon nan men lalwa pou fwòd. Ou ka gen obligasyon pou repeye Depatman Lasante an pou sèvis ou te resevwa yo anba sikonstans sa yo.

Yo ka tcheke enfòmasyon ou bay yo sou revni w ak sitiyou fanmi w, sa enkli matche nan òdinatè an. Ou dwe dakò pou kite estaf elijiblite Depatman Lasante an pou jwenn enfòmasyon pou yo ka detèmine elijiblite w.

Estaf elijiblite Depatman Lasante an, pa kapab diskrimine akòz de ras, koulè, sèks, laj, andikap, relijyon, nasyonalite oswa kwayans politik ou.

Ou ka mande pou yon odyans ki jis si ou panse ke desizyon yo te pran an nan ka pa w la pa jis oswa pa kòrèk.

**PLEASE READ THIS BROCHURE
CAREFULLY BEFORE YOU
COMPLETE THE APPLICATION.**

**Swiv enstwiyou yo, detache aplikasyon ki
komplete an de bwochi an epi soumèt li nan adrès ki
annapre la:**

- ✓ Tanpri reli aplikasyon an avan ou soumèt li.
- ✓ Enkli tout dokiman w yo pou evite delè nan pwosedi an.
- ✓ Yo pral reponn tout kesyon w yo pandan randevou antrevi w la



**Rele Nimewo Lokal sa a si ou bezwen èd pou
komplete aplikasyon an:**



Kontakte Depatman Lasante Konti lokal ou an oswa rele
1-800-FLA.AIDS (1-800-2437) pou lokasyon kote ou ka
aplike ki pi pre w.



Aplikasyon ak Kondisyon Pou Elijiblite

Sèvis Swen ka Sipò Disponib pou Floridyen ki nan Bezwen

- Ryan White Plan B Consortia ak lòt Biwo VIH/SIDA Pwogram Swen Pasyan yo
- Pwogram Asistans ADAP pou Dwòg SIDA a (ADAP)
- ADAP Premium Plus - (Asirans Sevis)
- Opòtinite Lojman Leta pou Moun Ki gen SIDA (HOPWA)



Elijiblite

ak kesyon sou kondisyon yo

Ki kondisyon ki genyen pou kalifye?

- Ou dwe VIH pozitif.
- Ou dwe ap viv nan Laflorid.
- Ou pa kapab ap resevwa menm sèvis sa yo nan men Medikèd, Pwojè Swen SIDA oswa Asirans.
- Ou genyen revni ba — nan oswa mwens pase 400 mwens nivo Pòvreté Federal la. (FPL).

Ki sèvis ki kouvri?

- Vizit kay Doktè
- Sèvis Dantè
- Transpòtasyon
- Primyòm Asirans-Maladi
- Jesyon Dosye
- Preskripsyon
- Lojman
- Lòt kalite sèvis sipò

Si yo detèmine mwen kalifye èske mwen ka resevwa tout sèvis sa yo?

Pa nesèsman. Sèvis sa yo dwe disponib epi finanse. Anplis, gen **pwogram kalifikasyon** pou patisipe nan sèvis pou chak pwogram sèvis ki annapre sa yo:

- Pwogram Asistans ADAP pou Dwòg SIDA a
- ADAP Premium Plus - (Asirans Sevis)
- Opòtinite Lojman Leta pou Moun Ki gen SIDA (HOPWA)

Ki sa Pwogram Kalifikasyon an ye?

Pwogram kalifikasyon se kondisyon espesifik pou anwole nan yon nan yon nan pwogram ki annapre sa yo:

Pa egzanp:

- **ADAP** e yon preskripsyon fòmilè dwòg la.
- **ADAP Premium Plus** mande pou yon kontra asirans pou sante
- **HOPWA** ekzije 80% nan mwayèn revni ki kapab gen plis restriksyon pase 400% an.

Pa enkyete w. Si ou pa ranpli kondisyon Pwogram Kalifikasyon yo, estati kalifikasyon w la pèmèt ou pou resevwa sèvis sa to nan men Pwogram Swen Pasyan VIH/SIDA la, si gen finans epi si li disponib.

Ki dokiman ki egzijib?

Genyen plizyè dokiman pou pral gen pou founi.

Pati 1: Prèv estati VIH ou an -- Orijinal oswa kopi tèl laboratwa VIH ki montre estati VIH ou an. Pa pote yon papye nan men doktè w.

Pati 2: Prèv w ap viv nan Laflorid. Pou Yon ID ki Gen Foto w si posib.

Pati 3: Pote tout dokiman w yo ki montre w ap resevwa sèvis nan yon lòt pwogram oswa yo te dènye w,

- Kat Medikèd
- Kat Medikè
- Notifikasyon Kalifikasyon Pwojè Swen SIDA
- Polisi Asirans Maladi
- Lèt yo Bawou oswa Dènye w pou Pwogram Asistans Piblik
- Administrasyon Veteran ak Lòt Dokiman ki aplike.

Pati 4 ak 5: Pote tout sa ki aplike pou montre revni w:

- Resi Sou-Chèk Ajou
- Resi Revni Militè ak Revni
- Lwaye ak lòt Revni
- Si ou se yon Travayè Endepandan—Fòm 1040
- Lèt yo Bawou oswa Dènye w pou Pwogram Asistans Piblik

E si mwen pa genyen tout dokimantasyon yo?

Pa gen pwoblèm. Enkli sa ou genyen oswa rele ofis lokal ou an pou èd. Sonje byen si ou genyen enfòmasyon korèk lè w ap aplike pral ede pou detèminasyon w la fèt vit.

Kisa ki pral rive aprè mwen voye oswa pote aplikasyon an?

Lè yo resevwa aplikasyon ak dokimantasyon w yo, yo pral bawou yon randevou antrevi pou kalifikasyon avèk yon estaf elijiblite pou revize aplikasyon an. Yo ka mande w pou soumèt plis enfòmasyon.

Kilè mwen pral kòmanse pou resevwa sèvis sa yo?

Estaf elijiblite a pral bawou yon Lèt konfimasyon kalifikasyon aprè yo fin tcheke aplikasyon la epi apwouve li. Yo pral mande w pou chwazi yon ajans ki jere ka yo pou ede detèmine tout bezwen w yo ak/oswa ka refere w pou yon nan sèvis pwogram pou dwòg, lojman oswa asistans asirans, ki depann sou sitiyasyon w.

E si mwen pa kalifye epi mwen pa renmen desizyon an?

Ou pral resevwa yon lèt eksplikasyon alekri ki dekri pouki rezon ou pa kalifye epi yo pral founi w enfòmasyon sou dwa ou genyen pou mande pou yon odyans ki jis.